Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 26 декабрь Рузман № 61 (7931) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## ЛъагIалил хIасилал рачана

24 декабралда райадминистрациялда тIобитIана терроризмалде дандечIараб комиссиялъул данделъи.



Данделъи рагьана ва хадубккун гьелъул хIалтIи бчана жамгIияб хIинкъигьечIолъи цIуниялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас.

Гьенир рорхана гьаб соналъул гьабураб хIалтIул хIасил бачиналъул, хадубккун гьабизесеб хIалтIул планал тасдикъ гьариялъул ва байрамазда цереселгун байрамкъояз халкъияб хIинкъигьечIолъи цIуниялъул тадбиразул суалал.

АТКялъул данделъиялда гIахьаллъана полициялъул райотделалъул нухмалъулев К. ГIабдулхIакъ, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Р. МухIамадов, агомедовасул; райадминистрациялъул ГОЧСалъул бетIерав специалист ТI.АхIмадов, районалъул руччабазул советалъул председатель А. Ибрагьимова, райадминистрациялъул финансазул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев ХI-М. ГIисаев, РУОялъул нухмалъулесул ишал тIуралев М-ХI.АхIмадов, ЦЗНалъул нухмалъулев ХI. Къадилов ва цогидалги.



Тадсикъ гьабураб повесткаялда рекъон, аслиял хитIабал гьаруна МухIамад Сиражудиновас. Гьес рихьизаруна терроризмалде дандечIараб комиссиялъ 2025 соналъ гьабураб хIалтIул хIасилал ва тIадчIей гьабуна 2026 соналъ гьаризесел хIалтIабазул планалда ва гьеб тасдикъ гьабуна. Гьединго бицана 2024-2028 соназ Россиялда терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул комплексияб план районалъ гIумруялде бахъинабиялъул ва исана ункъабилеб кварталалда АТКялъул хIукмаби тIураялъул хIакъалъулъ.

Полициялъул райотделалъул нухмалъулев Камал ГIабдулхIакъовас бицана жамгIияб хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ 2025 соналъул 31 декабралдаса 2026 соналъул 10 январалде щвезегIан районалда гьаризесел хIалтIабазул ва тIоритIизесел тадбиразул.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан жидерго пикраби загьир гьаруна данделъиялъул гIахьалчагIаз ва къабул гьаруна рекъонкколел хIукмаби.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

## Шамил ГIумаров - «Дагъистаналъул муниципалиял гIуцIабазул Совет» ассоциациялъул президиумалъул член

2025 соналъул 22 декабралда МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул рокъоб тIобитIана «Дагъистан Республикаялъул муниципалиял гIуцIабазул Совет» ассоциациялъул гIаммаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана республикаялъул муниципалитетазул бутIрул, хIукуматалъул идарабазул вакилзаби ва жамгIиятчагIи.



Повесткаялъул аслиял суалазул цояблъун букIана Ассоциациялъул нухмалъиялъул идараби гIуцIи. Гьелъул президиум бищана гьаракь кьеялдалъун.

Гьебги кьун, гIуцIиялъул президиумалде вищана районалъул нухмалъулев Шамиль ГIумаров.

Ассоциациялъул нухмалъиялъул гIуцIиялде нилъер районалъул вакил ккей ккола кIвар бугеб лъугьа-бахъин, регионалияб даражаялда нилъер муниципалитеталъул кIвар цIикIкIин.

Районалъул бетIерасул пишацояз гьесул кандидатураялъул рахъ кквей ккола Шамил ГIумаровасул хIалтIуе лъикIаб къимат кьей ва гьесда божилъи лъей.

## СВОялда ругезе районцоязул гуманитарияб кумек



Хасаб рагъулаб операциялъул зонаялда хъулухъ гьабулел рагъухъчабазе хIажатаб-къваригIаралдалъун ва кванил нигIматаздалъун жигараб кумек-квербакъи гьабулеб хIалтIи лъикI гIуцIун буго районалда. Районцоязул кумекалдалъун бакIарараб гуманитарияб юк иргадулаб нухалъги щвана адресатазухъе-рагъул цересел кьерда ругел рагъухъабазухъе.

«БАРС» регионалияб идараялъул вакилзабазухъе щвезабураб юк хадубккун рагъухъабазухъе щвезабизе ана рагъулал тунка-хIусиязул ветеран, волонтер-рагъухъан МухIамад ГIалиев. Гьесул хIаракаталдалъун щвараб кумекалъухъ баркала загьир гьабуна рагъухъабаз гьеб бакIариялъулъ ва битIиялъулъ гIахьаллъаралщинал цIумадисезе.

-Гьаб захIматаб ахIвал-хIалалда ругел нижее гьабураб гьадинаб кумекалъ ракI бохи гуребги, гIагарлъиги, гIагараб рукъги нижгун бугин абураб лъикIаб пикруялъ хинаб асар гьабула ракIазе,-ян букIана рагъухъабазул баркалаялъул жавабалда.



Патриотизм нилъер халкъалъул кидаго букIана ва буго, нилъ гьелдаса чIухIаралги руго. СВОялъул гIахьалчагIазе материалияб-гун техникияб кумек гьаби гьелде хIажалъи бугебгIан заманаялъ гьоркьоб къотIизе гьечIо районцоязул.

## Баркала нижедехун бугеб бербалагьиялъухъ



Гьедин хъвалеб буго нижехъе бачIараб кагътида Метрада росдал жамагIаталъ.

ТIоцебесеб иргаялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровасда халкъалъ цIидасан жинде гьабураб божилъиги баркулаго, гьабулеб хIалтIулъ икъбал ва баракатги гьарулаго, кагътида хъвалеб буго араб ва гьаб соналъ жидер росулъ нухал къачIаялда сверухъ гьарурал хIалтIабазул.

Гьедин, араб соналъ 730 000 гъурщиде хIалтIи гьабун буго нухазул фондалдаса гIарацги биччан росулъе рахунаго автотранспорт бачиналъе ва гIадамазул гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб лабалаб эхедерайги, гьелда аскIобго бугеб кьуруги дагьаб гIодобеги ккезабун, гьелда сверухъ шагьранухъ гIатIид гьабун, къачIалаго.

Предприниматель МухIамадзагьид Давудовасул кумекалдалъун, гьес инкар гьабичIо техника битIизе гьениб хIалтIизе, 4-5 росдал жамагIаталъул автотранспорт хьвадиялъе санагIатаб нух гьабуна гьениб.

Исанаги гьабуна гьебго фондалдаса 1 800 000 гъурущ гIарцулги биччан нухал къачIаялда сверухъ хIалтIаби. ЭхедерайкъачIараб бакIалдаса тIадехун свериги букIана ракь ччукIун, ганчIал рачIиялда хIинкъи цIикIкIараб, машинаби бурдул къотIичIого рорчIулареб хIалалде ккун. 92 метр халалъуда щулалъиялъул къедги бан, гьенибги лъикIаб хIалтIи гьабуна шагьранух къачIаялда сверухъ подрядчик МухIамад ХIажиевасул хIалтIухъабазул къокъаялъ.

Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги, щиб суалгун аскIоре аниги, кумек-квербакъи гьечIого толарел Шамил ГIумаровасдаса, администрациялъул бакIал раялъулгун, нухазул ва коммуналиял хъулухъазул отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад МуртазагIалиевасдаса, подрядчикал МухIамадзагьид Давудовасдаса, МухIамад ХIажиевасдаса ва аппаратлъул цогидалги хIалтIухъабазда.

**Баркалагун Метрада росдал жамагIат**

# Протокол
# публичных слушаний

по проекту Консолидированного бюджета
муниципального образования МР «Цумадинский район»
на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов гг.

Дата проведения: 23.12.2025 г.
Время проведения: 10:00 ч.
Место проведения: с.Агвали, актовый зал в здании администрации

На слушаниях присутствовало 72 человека.

Вопрос, вынесенный на публичные слушания: проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов

Председательствующий:
Магомедов Р.М. -председатель Собрания депутатов МР «Цумадинский район».

Секретарь:
Магомедов А.А. -нач. МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма»,

Лица, приглашенные на слушания:
Исаев Г.М.- начальник отдела финансов МР «Цумадинский район»,
Загидов М.М. - Председатель контрольно-счетной палаты МР «Цумадинский район»,
Загидов Т.З.- начальник отдела экономики МР «Цумадинский район»,
депутаты Собрания депутатов МР «Цумадинский район»,
работники администрации МР «Цумадинский район»,
главы АСП района,
жители района.

Председательствующий Р.Магомедов открыл слушания и сообщил, что рассматривается проект Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов. Также проинформировал о существе обсуждаемого вопроса, его значимости, порядке проведения слушаний, участников слушаний. Рамин Мирзаевич отметил, что публичные слушания проводятся в соответствии с Федеральным законом от 20.03.2025 N 33-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в единой системе публичной власти",Уставом МР «Цумадинский район», Положением о бюджетном процессе МР «Цумадинский район», утвержденным решением Собрания депутатов МР «Цумадинский район» №8 от 28 сентября 2017 г.

Информационное сообщение о проведении публичных слушаний было опубликовано на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» и в районной газете «Голос Цумады»

Процедура проведения публичных слушаний подразумевает изучение общественного мнения, высказывание замечаний, предложений.

Итогом слушаний будет принятие Заключения.

Председательствующий предложил порядок работы:
заслушать доклад по рассматриваемому вопросу;
проголосовать за принятие Заключения.

Далее председательствующий предоставил слово начальнику Финансового отдела МР «Цумадинский район» Г.Исаеву.

Докладчик изложил основные параметры Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов, указал, что в ходе подготовки к Слушаниям от жителей района предложения и замечания не поступили

От присутствующих поступили вопросы, на которые были даны исчерпывающие ответы.

**Председательствующий:** Доклад окончен. Есть ли вопросы к организаторам слушаний? Желающие выступить?

Если нет вопросов и желающих выступить, то для подведения итогов публичных слушаний, выносится на голосование вопрос об одобрении проекта Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов.

Голосование по вопросу, вынесенному на публичные слушания по проекту Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов

**«За»-72**
**«Против» - 0**
**«Воздержался» - 0**

Результаты публичных слушаний:

Проект Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов. одобрен участниками слушаний.

Письменных предложений и замечаний от жителей МР «Цумадинский район» , иных заинтересованных лиц, участников публичных слушаний не поступило.

**Решение:**

1. Одобрить проект Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов

2. Рекомендовать рассмотрение и утверждение на сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» проекта Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2026 год и плановый период 2027-2028 годов.

3. Редакции газеты «Голос Цумады» (Малачдибиров У.С.) опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в печати и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет (http://www.mo-tsumada.ru) (Закарьяев Ш. М.).

**Председатель Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район» Магомедов Р.**

**Секретарь собрания: Магомедов А.**

**Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 15**
**по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД**
**и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан**
**обращает внимание граждан на соблюдение пожарной безопасности в быту**
**и с пиротехническими изделиями.**



Пиротехнические изделия представляют собой источник повышенной опасности и заслуживают особого внимания. Бесконтрольная реализация пиротехнической продукции и применение её без соблюдения необходимых мер пожарной безопасности становится причиной многих пожаров, травм и даже гибели людей, главным образом, детей и подростков.

Некоторые правила использования пиротехники:

Приобретать изделия только в специализированных магазинах, где есть сертификаты соответствия и инструкция от производителя.

На упаковке должны быть написаны реквизиты производителя или оптового продавца, срок годности и дата изготовления, класс опасности или радиус опасной зоны, выделенный шрифтом предупредительный текст об опасности изделия, ограничения по его применению, правила хранения и утилизации.

Перед использованием обязательно внимательно изучить инструкцию.

О площадке для запуска позаботиться заранее, желательно осмотреть её в светлое время суток. Над ней не должно быть ветвей деревьев, линий электропередач, по соседству - стоянок автомобилей, деревянных сараев и гаражей.

Категорически запрещено производить запуск изделий с балконов, вблизи жилых домов: заряды могут попасть в окно или открытую форточку, залететь на чердак или на крышу и стать причиной пожара или травмирования людей.

Фейерверочные изделия устанавливать на твёрдую ровную поверхность строго вертикально, разобравшись, где у изделия верх и откуда будут вылетать горящие элементы, иначе может произойти опрокидывание.

После поджога фитиля выйти за радиус опасной зоны.

При задержке в работе пиротехнического изделия ни в коем случае не подходить к нему, так как оно может сработать в любой момент.

Зрителям лучше расположиться с неветренной стороны на достаточном удалении (не менее 15-20 метров) от пусковой площадки.

Запрещено работать с пиротехникой в нетрезвом состоянии и курить вблизи.

Никогда не разбирать, не дооснащать конструкцию фейерверка ни до использования, ни после.

Нельзя доверять детям и подросткам пользоваться пиротехникой самостоятельно.

Зимний пожароопасный период в быту - это время, когда риск возникновения пожаров возрастает из-за активного использования электротехнических и теплогенерирующих устройств. С наступлением холодов увеличивается нагрузка на электросистему, что может привести к перегреву проводки и возникновению короткого замыкания.

Наиболее распространенными причинами данных пожаров в сельской местности являются:

Неправильная эксплуатация электроприборов.

Неисправность печного оборудования.

Неосторожное обращение с огнём.

Чтобы минимизировать риски, рекомендуется:

Регулярно проверять проводку. Если она старая или повреждённая, лучше заменить её на новую.

Не перегружать розетки. Использовать удлинители и распределители с осторожностью.

Выключать неиспользуемые приборы.

Правильно размещать обогреватели. Они должны находиться на безопасном расстоянии от горючих материалов.

Не оставлять обогреватели без присмотра.

Использовать сертифицированные приборы.

Регулярно чистить дымоходы и вентиляционные каналы. Это поможет избежать задымления и повышения температуры.

Использовать только предназначенные материалы. Для растопки камина или печи использовать только дрова и специальные средства, избегая пластиковых и синтетических материалов.

Установить защитные экраны для каминов, чтобы предотвратить случайное выпадение углей или искр.

# Безопасные сладкие подарки для детей: советы родителям

Зима, особенно пред- иновогодние дни, традиционно ассоциируется с ароматом мандаринов, горячим какао и множеством сладостей, которые появляются на праздничных столах и в детских подарках. Тема безопасности угощений становится особенно актуальной: родители стремятся порадовать ребёнка, но при этом важно помнить о качестве продуктов и рисках, связанных с чрезмерным потреблением сахара и некачественными сладостями.

Важно внимательно выбирать сладости.

Детский организм чувствительнее к пищевым добавкам, красителям, аллергенам и избытку сахара. Некачественные сладости могут вызвать аллергические реакции, расстройства пищеварения, обострение хронических заболеваний, риск удушья у маленьких детей, переедание и нарушение пищевого поведения.

1.Обращайте внимание на состав

Чем короче состав, тем лучше. Избегайте сладостей, содержащих искусственные красители (особенно синтетические E102, E110, E129).

2. Следите за сроком годности и условиями хранения

Праздничные наборы часто продаются заранее, и срок годности может подходить к концу. Проверьте дату изготовления, температуру хранения, целостность упаковки.

3. Учитывайте возраст ребёнка.

Детям младше трёх лет не рекомендуется давать леденцы и карамель (риск удушья), орехи и драже, жевательные конфеты, шоколад с начинками.

Для малышей лучше выбирать мягкие продукты: фруктовые пюре, натуральное печенье, сухофрукты, пастилу.

4. Осторожно с шоколадом и какао.

Качественный детский шоколад должен содержать не менее 35% какао-продуктов, натуральное какао-масло, минимум ароматизаторов.

5. Сладости в подарочных наборах - не всегда безопасны.

Готовые подарки могут содержать продукцию от разных производителей, иногда - низкого качества. Поэтому лучше собирать подарок самостоятельно.

6. Помните о рисках аллергии.

Если ребёнок склонен к аллергическим реакциям избегайте шоколада с орехами, исключите ярко окрашенные сладости, отдавайте предпочтение гипоаллергенным продуктам, внимательно читайте маркировку «может содержать следы…».

7. Контролируйте количество сладкого.

Даже качественные сладости требуют умеренности. В холодный сезон дети меньше двигаются, а избыток сахара перегружает иммунную систему, способствует набору веса, влияет на сон и настроение, повышает риск кариеса.

Можно дополнить сладкий подарок полезными и интересными элементами: раскрасками, книгами, маленькими игрушками, наборами для творчества.

День зимних сладостей - отличный повод подарить ребёнку радость, но безопасность должна быть на первом месте.

Правильно выбранные сладости - это вклад в здоровые привычки, которые сохранятся на всю жизнь.

**П. Гаджиалиева**

**Поэзиялъул бокIон**

## Пинкьал рахъинчIел кверзул зарал данде къаларо...

ХIал кIолесул гIадлу-гIумрудуй дарсал,
ГIемер хал гьабуни, гьечIищ гIаламат:
Ихдада гIурччинлъун, кьиндал тIогьиллъун,
ТIабигIаталъ руго дарсал цIалулел.

РухI лъунщинаб жоялъ жаналде рачIун,
ЧIагоlъи гьабула-Бичасул гIадлу.
Зара гIадинабги, залимаб пилги,
Гьадал зобалхIаги-Бичасул гIадлу.

Инсан ватIа гьавун, гIакълу кьуниги,
ГIакълу гьечIеб боцIул-жидерго хаслъи.
Хиялал гIемераб гIадамил лъимер,
ГIадлу билун ккани, кепаб иш гьечIищ?

* * *

Буголъиги лъикI буго, лъикIалде буссанани,
ЛъикIлъиялъухъ баракат Бичас тIад босун буго.
Басра гьабун мерхьиги, гьечIелав вихьичIого,
ЧIвового хутIиялда гIемер гIагарда буго.

* * *

ТIагIамаб квен кваназе киназего бокьула,
Бокьун буго бокьизе Аллагьасе дир гIамал.
ХIулидул бусенaлда хIалхьун чIалгIараб лага,
ЧIабаралда щапидал, Аллагь гурхIилародай?

* * *

ХьачIлъи, чIухIи, кIодолъи пикрабаль паркъон кканин,
Кинаб жавабгундай дун Бичасда цеве ина?
Ццим бахъарал лахIзатал гIумруялъ гIемер кканин,
Как-кIалалъул кIалгьикъи. Гьеб хIехьезе кIвеладай?

Беразе канлъи кьунин, кверазе махщел кьунин,
Кьезесеб жаваб кинаб кинабго бихьулесе?
Рокьукълъиги гьабунин, хIасадги цо-цо кканин,
Кинаб гьумергундай дун Лъалесда цеве чIела?

* * *

Мун гIадамил лъимер-гIакълудул бетIер,
БитIун хьвадулищан, хал гьабун бихье.
Бахьи бугелазул зулму хIалалъе,
ХIилла-макруялъе мукIурав вугищ?

Мун, Бичасул рижи, разияв вугищ,
Ворхалъи, кьокълъиялъ, кьамартIлъикуцалъ.
Кинабго рекъараб кьаркъалаялъе
Кьойил рецц гьабулищ дуца Бичасе?

Мун, инсан, сурукьаб лъел тIиралдаса
ТIовитIарав лъалищ? Гьеб кIочон тоге.
КIочене йиччаге чехьалъул эбел,
Чорхолъ рухI букIадго, цо минуталъги.

Мун, гIадамил лъимер, хвалий вижарав,
Хиялал гIемерав, гIумру бокьулев.
Кьер-кьераб нигIматалъ гIорцIи лъаларев,
ГIарцуца гуккулев, рияъ бокьулев.

Мун Аллагьасул лагь вукIин кIочонге,
КIодолъи-гьитIинлъи гьаналъ биччаге.
Чилъи хIакъир гьабун, зулмуд веццуге,
Залимасе ахир мун хIакъирлъула.

* * *

ГIемер пикрабаца, гьамас киниги,
Гьаримасул бетIер бугIун цIун буго.
Балагь тIаде щведал, Аллагьин ахIун,
АхIмакълъияб буго гIалам гуккулеб.
КIодолъиги бокьун, кьун ришваталгун,
Рес бугеца буго гIакълу мерхьунеб.
Махлукъ бижарасде божилъи кIочон,
КIиго мацIалъ буго нуцIа ричIулеб.
Бицунеб цо буго, гьабулеб-цойги,
Царал буго гIамал гIалимазулги.
ГIадатияв инсан гьапуллъун ккани,
Гьая кинаб гьесул росдад сверулеб?

* * *

ГIелму лъазе ккани, цIализе ккола,
ЩIогьорзаби руго интернеталъул.
Инсуда малъулел васал гIемерлъун,
ГIажаиблъи буго пикру ккаразул
Операциялъе тохтур-махщелчи,
Гьеб гьечIев чияс кин нус кодоб кколеб?
Компьютер цIехолдун, цIали гьечIесги,
ГьечIеб бугьтан лъейги битIараб жойищ?
Аллагь кIочон тарав, Къуръан биларав,
БалугъалъичIес балеб дагIба уябищ?
Улбузул малъиял мекьиян ккарал,
Мажгиталде рачIун дагIбади лъикIищ?
Дагьабго гьаркьахун, хабар кканани,
Кинан яхI букIунеб моцIаз кIалъачIеб?
МацIазда вац- яцан гьуинаб калам,
Кепкиде бичулеб гIагарлъи кинаб?
Диналда гьукъараб гьибаттун бугьтан,
Бергьун машгьулъараб мехелго кинаб?
Маша Аллагьилан, иншаАллагь бачун,
Бачун унеб махлукъ унго кибехун?
Кинго бичIчIулареб бачIараб заман,
Загьруманлъун буго хал гьабурасе.
Гьудуллъигун вацлъи, яцлъи лъалареб,
Гьаб батизе буго ахир замана?!

* * *

Дида гIумру бичIчIичIо, гIемерго ургьаниги,
Гьаримаб дир ботIрода пикру гIемерлъаниги.
ГIажаиблъизе щола щибаб анищалда дун,
Дий гуреб цогидазе анищан кколародай?

ГIумрудуй васигатал умумуца нахъ тола:
Араб нахъ буссунаро, сверун духье щоларо.
Щиб гьабун ккун таниги, тохазда гьорлъ вукIунге,
ЛъикIазул мисал босе, бесдалал ругонинги.

Къаси кьижулеб мехалъ, метералде хьул лъола,
Лъай, мун радал вахьиги, Бичасе щукру гьабе.
Веццун чи лъугьунарин аби бугин магIарухъ.
Мунго захIмалъудалъун веццулеб хIалалъ вукIа.

ХIакимасе хIелуге, залимасе къулуге.
Къисматалда разилъун, ризкъи кьолесда хIеле.
Жакъа лъикIавлъун ккани, метер жеги лъикIлъе мун
ЛъикIаб гIамалалъ вачун Бичасе кIодолъулин.
Б
игьаяб, багьа гьечIеб, чIобогоялде унге,
Дур надида гIетI бараб баракатаб букIунин.
ЗахIмат бихьичIел берал гIорцIунго рахъунарин,
Пинкьал рахъинчIел кверзул зарал данде къаларин.

**ГIумар Жамалудинов, ТIисси росу**

## Херазул ахIи

Улбул рукIун кколищ, ракIалде щолищ,
РакI унтун гьезухье аскIор хьвадулищ?
Ракьун, кьечон ругин ракIалдеги щун,
БатI-батIияб нигIмат гьезие кьолищ?

Гьоркьоб заман анин, ракIалдеги щун,
РикIкIадасан ахIун, хIал цIехолебищ?
ХIал лъазе течIого, жанибги цIунун
Унтун ругел гьезий дару цIехолищ?

РахъунчIун рихьидал, лъикI ругинги тун,
РукIунге гьелги тун. РикIкIадгIан чIоге.
Гьезул ракI чучизе аскIор гIодор чIун,
Заман цIикIкIун бахье, хадуб щоларо.

ХIалтIиги, дунялги, гIолохъанлъиги
Щивасул хисула херлъи тIад щведал.
Мунги херлъилилан, холевлъиги лъан,
Радал-бакъанида гьезухье хьваде.

АскIоре щвеялъе, рикIкIад ругезги
Каранда телефон хIалтIизе гьабе.
Щу-щу минуталда мун кIалъаниги,
Гьезий дару букIин ракIалде цIуне.

Нужер кумекалде ккун гьечIониги,
Цо лукъма нужер кьей кIодолъулеб лъай.
Нужер цо каламалъ каранзул унти
ТIасан унеблъи лъа, гIакълу батани.

Гьабураб, кьуралда рази гьечIезги
Каранзул рахь хахи кIочене тоге.
РухI бичун, кьо бихьун, каранде рачун
Нуж гIезе гьаруараб кIочон рукIунге.

**ХIабиб Давудов, Метрада росу**

## Турциялде арал дир умумузе...

МугIрул тIогьиб бугеб кIудадал нохъо
ЦIиял чанахъаби, лъалищ нужеда?
Гьазияв-кIудил цIар лъураб ганчIида
Гочаразул цIарал хутIунго ругищ?

Кинан кIочон телеб гьебхасаб сияхI,
ВатIан тун унеца гIелазе тараб?!
Нилъер наслабазда гьеб лъазе ккола,
Воре, цIехе тарих, нилъее тараб!

Турциялде щведал, вулканги кьвагьун,
ГIемерисел хванин бачIараб кагьат.
КIудада, щай дуца гьеб цIунун течIеб,
РачIунел гIелазе нахъе хутIизе?

ХутIараз, цоцалгун ригьналги гьарун,
Росу гIунин абун, хьван букIанила...
Кинго гьезда хадур нилъ гьолел гьечIо,
ЛъалкIал хутIаниги, тIадего ккечIо...

КIодол кIудияв вац-Хучбарил наслу
ЛъугIунгодай ана нуж Турциялда?!
Доре щвараздани, доб Яловалда
Гаргар рагIун буго диалекталда.

Нуж, мацIги цIунарал, цIаралги тарал,
Гьаниб нух бахъизе бокьулеб гьечIищ?
Лъалареб лъугьараб некIсияб тухум,
Нижер хабар лъазе щай бахъулареб?

**Загьрат МухIамадова,**
**Инхокъвари росу**

........................................

## Ассалам гIалайкум, мугIалимзаби...

Ассалам гIалайкум, мугIалимзаби,
ГIелмуялде гIишкъу-рокьи кIудияв.
Рокьиги, адабги, намус-ияхIги
Наслабазе ирслъун бикьулеб мактаб.

Мунагьал чурайги, мугIалимзаби,
Гьигьалъ мактабалда тарих бекьарал.
ТIадегIанаб лъаялъул диплом босарав
ТIоцевесев мугIалим, Малачдибирил вас.

Университеталъул тIадгIанаб лъайгун
Малачдибирил СагIадула-кIудав мугIалим.
Меседил гIадалнах- гIелмудул керен
ГIолохъанго анин гIажалалъ вачун.

Дибирасул МухIамад -росдал тарихчи
Дагъистан ракьалъул имамзабазул
Рагьалгун ругънанги, гIелмугун лъайги-
Жакъа ниж гIолезе тарих нахъ тарав.

ГIабдулхIамидил Надирхан, ГIумарил ХIусен-
ГIадлу, гIаданлъидул лъалкI нахъе тарал.
ЛъикIалъе хIалай чIун, квешалда мал бан
МутагIилзабазулъ гIадлу цIунарал.

ХIамзатхIажил Идрис-лъикIав гIакълучи,
ХIисаб суалалъул лъикIав гIалимчи.
ГIумру-сонал цIехон щолареб хвелалъ
Хехго вачун ана ахираталде.

Шигьабил МухIамадnаби, Анварил СайидмухIаммад-
Нуж, гIелму камилал мугIалимзаби.
МагIарул гIамалги, гIадатги, мацIги
ЦIуне абулаго, хвараб чорхол жан.

Запирил Суайбат, Гелал МухIаммаднаби,
МухIаммадил Патимат, рагIи хIеренай
«А», «Б», букварь малъун, гьитIинал лъимал
КIудияб гIелмудул нухде рачарал.

Шамхалил ХIажи, Будунил МухIаммад,
КъурамухIамадил АхIмадшейх, Аллагь гурхIаял
ГIамалги берцинал, рагIи гIакъилал,
ГIелмудул накъищал ирсалъе тарал.

МухIамаднабил ГIабдулкъадир, Ибрагьимил ХIажимурад,
Нужер хIалтIул лъалкIал- лъаялъул болъо.
Хабалъ рукьиларо, кIочон теларо
ГIумруялъ гIуцIарал гIелмудул ссиял.

ГIолилазул цевехъан, насихIат лъикIав
Канзулагьил МухIамад камуна росдай.
МутагIилзабигун кIалъай берцинав,
Аллагьас, алжан кьун, вохун ватайги.

Дир гьитIинаб росдал кIудияв цIарал
ХIурматияб хьорщода хьвана гIасрабаз.
Нилъер мугIалимзабаз гIелму малъарал
ГIелмудул кандидатал ругел нилъер гьигьалъал.

ТарихчагIи, кьадиял, Къуръан лъалел гIалимал
Чамги кIудияв тохтур кодоб хвасарлъи бугев.
Хваразе алжан кьеги, Аллагь разилъи кьеги.
Аллагьасул нух кквезе нилъее кьуват кьеги.

**Марьям Х1абибова, Гьигьалъ росу**

**Газпром**

## Счетчик - главный помощник в экономии семейного бюджета

Это удивительно, но факт. Потребители коммунальных услуг устанавливают счетчики, оплачивая немалые деньги как за сам прибор, так и за его монтаж. Ну, а после забывают передавать показания с работающего счетчика.

Для чего же вы заплатили за счетчик?

В следствии непереданных показаний, как снежный ком нарастает задолженность, так как поставщики услуг начинают вести расчеты по нормативам. Счётчики устанавливают, чтобы сделать оплату коммунальных услуг более прозрачной и справедливой. По счётчикам человек платит только за то, что реально потратил ресурс. Это не просто «предмет интерьера», а прибор, данные с которого ждет поставщик ресурса, чтобы произвести вам правильный, фактический расчёт, согласно переданных вовремя показаний.




Какой выход?

Поставщик газа в Дагестане «Газпром межрегионгаз Махачкала» настоятельно призывает всех, у кого в газифицированном домовладении установлен счётчик:

1.проверить его работоспособность, то есть двигается ли циферблат когда включена плита или газовая колонка;

2.проверить не прошел ли срок поверки счётчика. Срок поверки указан в паспорте на счётчик. Не сохранили паспорт счётчика? Не беда. Обратитесь в абонентскую службу по месту жительства или позвоните в контакт-центр 8 800-200-98-04 - поставщик газа хранит в вашей личной карточке данные о дате поверки.

3.проверьте целостность пломб установленные на счётчик от поставщика. Ни в коем случае не допускайте нарушение целостности прибора учета газа и вмешательств.

4.наладьте дисциплину с передачи показаний со счётчика каждый месяц. Так вы будете видеть свой ежемесячный расход газа. Многие дагестанцы уже научились здорово экономить на платежах за газ и распределять семейный бюджет, зная количество расхода в своем доме по месяцам.

Кстати, 27 декабря 2025 года объявлена рабочая суббота для всех газовых служб. Все, кто работает с понедельника по пятницу могут в ближайшую субботу решить все свои вопросы по газу в абонентских пунктах по месту жительства.

**Сапият Акаева**

## Пожарная безопасность в зимний период

Зима – это не только холод, снег, мороз, но и время, когда необходимо внимательнее относиться к пожарной безопасности и помнить о том, что пожар намного легче предупредить, чем его потом потушить. Требованиями пожарной безопасности установлены определенные правила при устройстве и эксплуатации электротехнических и теплогенерирующих устройств, соблюдение которых позволит максимально обезопасить себя от риска возникновения пожара.

Несмотря на то, что сегодня все больше используются системы центрального отопления, печное отопление по-прежнему остается пожароопасным. Всем жителям, дома которых отапливаются печами, следует помнить, что это не только источник тела, но и возможность появления пожара. Неосторожное обращение с огнем, сушка дров, сгораемых материалов и нарушение других правил пожарной безопасности при эксплуатации печей также приводят к возникновению пожаров.

При использовании печей:

1. Не допускайте эксплуатацию печей с наличием в них трещин и разрушений.

2. Очистка дымоходов и печей от сажи должна производиться не реже одного раза в три месяца.

3. Не оставляйте без присмотра топящиеся печи и не поручайте надзор за ними малолетним детям;

4. В сильные морозы печи нередко топят длительное время, в результате чего происходит перекал отдельных их частей. Если эти части соприкасаются с деревянными стенами или мебелью, то пожар неизбежен. Поэтому рекомендуется топить печь 2-3 раза в день по 1-1,5 часа, нежели один раз длительное время.

При обнаружении пожара или признаков горения (задымление, запах гари, повышенная температура) надо незамедлительно сообщить по телефонам «101» или «112», при этом назвать адрес объекта, место возникновения пожара. Одновременно принять возможные меры к спасению людей, имущества и ликвидация пожара имеющимися первичными средствами пожаротушения, организовать встречу пожарных подразделений. При тушении пожара категорически нельзя бить в окнах стекла и открывать все двери, так как это приводит к дополнительному притоку кислорода и способствует развитию пожара. Если помещение, в котором произошел пожар, сильно задымлено, то покидать помещение необходимо как можно ниже пригнувшись к полу. При эвакуации из задымленного помещения можно использовать мокрые материи, закрывающие лицо.

Соблюдайте правила пожарной безопасности! Берегите себя и жизнь своих близких!

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

**Спорт**

## ГIабдула Халилов - джиу-джитсуялъул рахъалъ дунялалъул чемпион



Дагъал цере къояз Санкт-Петербург шагьаралда тIобитIана Бразилиялъул джиу-джитсуялъул рагьараб дунялалъул чемпионат.

80 кг. цIайиялда гьениб лъабго нухалъ бергьенлъиги босун, нилъер ракьцояв, КIванадаса ГIабдула Халилов вахъана джиу-джитсуялъул рахъалъ дунялалъул чемпионлъун.

ТIолго цIумадисез ракI-ракIалъ баркулеб буго гIолиласда бергьенлъи, гьарулеб буго гьесие гIумрудулъ талихIгун спорталъулъ икъбал.

## СВОялъул бахIарзал ракIалде щвезаруна

Араб гьатIанкъоялъ Гъоркьгьаквари росдал школалда тIобитIана рагъулабхасаб операциялда хварал МухIамад ГIабдусаламов, Руслан АхIмадов ва Руслан МуртазагIалиев ракIалдещвезавиялъе росдал гIолилазда гьоркьоб шахматал хIаялъул турнир.



Гьелъул аслияб масъалаги букIана росуцоял сахаб гIумру тIасабищиялде ахIи, росдал гIолилазулъ аналитикияб пикру гьаби загьир гьаби. Къецазулъ гIахьаллъана анцIила щугоялдасанги цIикIкIун гьакварисес. Гьезда гъорлъ вукIана Агъвали гимназиялъул 7 классалъул цIалдохъан Ислам Залимхановги.

Гъоркьгьаквари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIараб турнир ана гIахьаллъараб разияб хIалалда. Аллагьасул къадаралде щварал гIолохъабазе дугIа-алхIамги цIалун, байбихьана къецазде.



ХIалуцарал къецазулъ тIоцебесеббакIалде ккана полициялъул ветеран МухIамадтIагьир Зиявдинов, кIиабилеб бакIалде ккана Рашид ахIмадов ва лъабабилеб бакIалде-Юсуп МухIамадов.

Киналго гIахьалчагIазул пикруги цолъун, хIурматалъул ункъабилеб бакIалъе мустахIикълъана бищун гьитIинав шахматист Ислам Залимханов.

Баркула турниралъул гIахьалчагIазда бергьенлъаби, гьарула хадубккунги спорталъулъ икъбал.

**З.Хадижат**

## МухIамадова ПатIимат Тураловна



21 декабралъ Аллагьасул къадаралде щвана Мухlамадова Патlимат Тураловна.

ПатIимат гьаюна 1939 соналъ Гъоркьгьаквари росулъ.

1962 соналдаса хlалтlана Тарихалъул, мацlалъул ва маданияталъул Институталда.

ПатIимат ккола багвалазул, чIамалазул, тIиндадерил, гIахьвалазул ва кIаралазул мацIазул словаразул автор. ХIалтIана цогидалги гIелмиял хIалтIабазда тIад.

Гьей йикIана гIодое йиччарай, калам берцинай, гьудул-гьалмагълъи хирияй гIадан. Зигара балеб буго ПатIимат МухIамадова къадаралде щвеялда бан гьелъул гIагарлъиялда ва Гъоркьгьаквари росдал жамагIаталда. Аллагьас Алжаналъул агьлуялдаса гьаеги.

**«ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация,**

**«ЦIумада район» муниципалияб районалъул Собрание.**

Райадминистрациялъул хIалтIухъабазул коллективалъ ва районалъул Собраниялъул депутатаз зигара балеб буго вацал ТIагьир ва Рашид АхIмадовазда, Рамин МухIамадовасда гьезул имгIал

**КаримхIажи**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хъизанлъималазе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

**ХIурматиял районцоял!**

Тарихалде унеб 2025 соналъул хутIараб чаналиго къоялъ божи буго нужеца райгазета хъвалин абун.

**Газеталъул багьа:**

-бащдаб лъагIалие -549,84 гъур.,

лъагIалие-1099,73 гъур.

**Газеталъул индекс:**

-бащдаб лъагIалил -51377,

лъагIалил-63302.

**БетIерав редакторасул бакIалда**
**АхIмадова ХIалимат ХIасбулаевна**
**8 (87273) 2-52-44**

**Техникияй редактор**
**МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**

**Тираж - 1016**

**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**